



Pou Piblikasyon Imedya: 19/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DEPLWAMAN PLIS PASE 30 MEGAWAT ENÈJI SOLÈ ATRAVÈ REJYON NÒ ETA NEW YORK LA

Otorite Enèji New York, Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè Eta New York la fini enstalasyon plis pase 75,000 pano solè -- sa ki ase pou alimante 7,000 kay

Sistèm solè yo pral redui emisyon kabòn a 4,500 tòn, ekonomize 10 milyon dola nan depans enèji Eta a

Foto sistèm lan disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul jodi a, pandan Semèn Latè a, te anonse deplwaman plis pase 30 megawat enèji solè nan pati nò Eta New York la. Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) te fè konsepsyon ak enpleamente sistèm enèji solè nan senk etablisman Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS) Eta New York yo ki gen plis pase 75,000 pano solè—sa ki ase pou alimante 7,000 kay. Pwojè yo sipòte dirèkteman objektif Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) New York la, ki mande pou 70 poustan elektrisite New York la soti nan enèji renouvlab yo anvan 2030, ki gen ladan sis jigawat solè disi 2025 sou yon chemen pou 10 jigawat nan fen deseni an.

"Atenn objektif klimatik anbisye ak enèji pwòp New York yo egzije envestisman istorik nan enèji renouvlab", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lè yo enstale plis pase 75,000 pano solè nan enstalasyon DOCCS yo, New York ap kontinye dirije pa egzanp, li trase wout la pou yon avni ki pi briyan, ki pi vèt pou tout moun."

Senk sistèm enèji solè yo—ki sitiye nan etablisman koreksyonèl Wende, Mid-State, Greene, Eastern ak Green Haven yo—yo prevwa pou ekonomize plis pase 10 milyon dola nan depans enèji pandan tout lavi yo. Sistèm enèji fotovoltaik nan enstalasyon koreksyonèl Wende ak Greene lan pral jenere 6.9 MW solè distribiye pandan rès sit yo pral jenere 4.9 MW. An total, pwojè yo pral redwi emisyon kabòn pa prèske 4,500 tòn—sa ki ekivalan ak retire 880 machin sou wout la.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare, "Elaji kapasite solè New York la se yon eleman enpòtan nan atenn objektif Lwa Klimatik New York la. Sistèm enèji solè distribiye ki enstale nan sit DOCCS yo atravè eta a pral jenere plis pase 10 milyon dola nan ekonomi pri enèji epi redwi emisyon yo pandan y ap avanse New York pi lwen nan atenn objektif enèji pwòp solid li yo."

Komisè pa Entèrim Depatman Koreksyon ak Sipèvizon Kominotè, Anthony J. Annucci, te deklare, "DOCCS fyè de patisipasyon li nan ede akonpli vizyon Gouvènè a pou redui emisyon kabòn ak enstalasyon sistèm solè sou pwopriyete etablisman koreksyonèl yo pou konpanse anprendre kabòn nou an. Kòm Depatman an ap kontinye ak misyon nou ki se amelyore sekirite publik, li enpòtan pou nou pran konsyans de enpak travay sa a, sitou pou sipòte inisyativ klimatik Eta a yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Developman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, New York se youn nan mache solè ki pi solid nan nasyon an—ki pote enèji pwòp, abòdab nan chak kwen nan eta a, enkli nan enstalasyon koreksyonèl ak sipèvizon kominotè nou yo. Senk pwojè sa yo pral diminye emisyon sou plas epi koupe depans enèji pou enstalasyon sa yo pandan y ap ede reyalize objektif Lwa Klimatik nou yo."

Pwojè solè yo te resevwa tou plis pase 5.2 milyon dola nan men Otorite Rechèch ak Developman Enèji Eta New York la atravè NY-Sun, inisyativ 3.3 milya dola eta a pou fè avanse ogmantasyon solè pandan y ap fè enèji solè pi aksesib pou kay, biznis ak kominote yo. Depi kreyasyon li, solè nan New York te ogmante nan plis pase 3,000 pousan, pwofite prèske 7.3 milya dola nan envestisman prive, epi redwi nan pri yo a 73 pousan. Genyen tou apeprè 13,400 moun ki angaje nan travay solè atravè New York.

Anplis senk pwojè sa yo ki fèk deplwaye, NYPA ap konsti kounye a 33 pwojè ki efikas an enèji nan enstalasyon DOCCS yo, ki totalize 124 milyon dola ki pral redwi emisyon gaz ki lakòz efè sè a 27,600 tòn metrik—sa ki ekivalan ak retire prèske 6,000 machin sou wout la. NYPA ak DOCCS ap devlope aktivman tou 230 milyon dola nan mezi amelyorasyon efikasite enèji ki pral redwi emisyon gaz ki lakòz efè sè pa yon lòt 22,500 tòn metrik.

Nan 10 ane ki sot pase yo, NYPA te fè patenarya ak DOCCS pou aplike 46 pwojè ki efikas an enèji nan 30 enstalasyon diferan, sa ki ekonomize plis pase 4 milyon dola nan depans enèji ak antreteny anyèl epi redwi emisyon gaz ki lakòz efè sè nan prèske 17,000 tòn metrik.

Plan Klimatik Nasional Eta New York

Ajanda klimatik Eta New York la k ap mennen nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki kòrèk epi ki jis ki kreye travay ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj envestisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ak enèji pwòp ki pi agresif nan nasyon an, New York se sou yon chemen pou

reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon disi 2040, ki gen ladan pwodisyon enèji renouvlab 70 poustan an 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an nan mitan syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se envestisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.8 milya dola nan angajman NY Green Bank yo.

Envestisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans 2,100 poustan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon yo vann nan Eta a gen zewo emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye avanse aksyon klimatik New York la ak prèske 400 Kominote Entelijan pou Klima ki anrejistre ak 100 sètifye, prèske 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo kominote inisyativ siveyans lè kominotè Eta a nan 10 kominote defavorize atravè eta a pou ede lite kont polisyon lè a ak konbat chanjman klimatik la.

Enfòmasyon sou NYPA

NYPA, ki se pi gwo òganizasyon elektrik publik eta a ki nan nasyon an, ap jere 16 etablisman ki ap jenere elektrisite ak plis pase 2,253 kilomèt sikwi liy transmisyon yo. Plis pase 80 poustan elektrisite NYPA pwodwi se enèji idwolik renouvlab ki pwòp. NYPA finanse operasyon li yo apati obligasyon yo vann ak revni li resevwa an gran pati atravè elektrisite yo vann. Pou w jwenn plis enfòmasyon vizite www.nypa.gov ak swiv nou sou [Twitter](#), [Facebook](#), [Instagram](#), [Tumblr](#) ak [LinkedIn](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)